


Prezidan Thomas S. Monson



# Benediksiyon obeyisans

“**P**i gran leson nou kapab aprann nan mòtali-  
te a,” Prezidan Thomas S. Monson te anseye,  
“se lè Bondye pale epi nou obeyi, nap toujou  
gen rezon.”<sup>1</sup>

Nap beni tou. Jan Prezidan Monson te di nan yon kon-  
ferans jeneral la: “Lè nou respekte kòmandman yo, lavi nou  
ap gen plis lajwa, l ap pi anrichisan, e l ap mwens konpli-  
ke. Difikilte ak pwoblèm nou yo ap pi fasil pou nou sipò-  
te, epi n ap resevwa benediksyon [Bondye] promèt yo.”<sup>2</sup>

Nan sitasyon apre yo ki sòti nan ansèyman Prezidan  
Monson kòm Prezidan Legliz la, li raple nou ke kòmand-  
man yo se gid ki pi asire a pou bonè ak lapè.

## Direksyon pou vwayaj la

“Kòmandman Bondye yo pa la pou ban nou fristrasyon  
ni pou yo tounen obstak pou bonè nou. Se kontrè a ki vrè.  
Limenn ki te kreye nou epi ki renmen nou pafètman kon-  
sa a konnen egzaktman kijan nou bezwen mennen lavi  
nou pou nou ka jwenn pi gwo bonè posib la. Li ban nou  
direksyon ki, si nou suiv yo, ap ede nou travèse vwayaj  
mòtèl si souvan danjere sa a an sekirite. Nou sonje pawòl  
youn nan kantik nou yo: ‘Respekte kòmandman yo! Gen  
sekirite nan sa; Gen lapè nan sa’ [gade “Keep the Com-  
mandments,” *Hymns*, no. 303].”<sup>3</sup>

## Fòs ak konesans

“Obeyisans se karakteristik prensipal pwofèt yo; li pote  
fòs ak konesans pou yo atravè tout syèk. Li enpòtan pou

nou pran konsyans ke nou menm tou, nou gen dwa gen  
aksè a sous fòs ak konesans sa a. Li fasilman aksesib pou  
nou chak jodia si nou obeyi kòmandman Bondye yo. . . .

“Konesans n ap chèche a, repons nou anvi jwenn yo,  
ak fòs nou vle genyen jodia pou nou afwonte difikilte yon  
mond chanjan ak konplèks yo, nou ka jwenn yo si nou  
dispoze pou nou obeyi kòmandman Bondye yo.”<sup>4</sup>

## Chwazi pou obeyi

“Konpòtman ki komen nan epòk nou an se tolerans.  
Revi yo ak televizyon montre pòtrè aktè selèb sou ekran  
sinema yo, ewo sou teren espò yo—moun ke anpil jènjan  
nou yo ta renmen imite—kòm moun ki meprize kòmand-  
man Bondye yo epi k ap afiche pratik peche, kòm si pa  
gen okenn konsekans nan sa. Pa kwè bagay sa a! Gen  
yon tan pou nou rann kont—pou balanse tout bagay. Chak  
Sandriyon gen minui pa li—si se pa nan lavi sa a, se ap nan  
lavi apre a. Jou Jijman an ap vini pou tout moun. . . . Mwen  
egzòte nou pou nou chwazi pou n obeyi.”<sup>5</sup>

## Lajwa ak Lapè

“Sa gen dwa parèt pafwa ke moun yo nan mond lan ap  
amize yo plis pase nou menm. Kèk nan nou gen dwa santi  
kòd konduit ke nou menm nou genyen nan Legliz la limite  
nou. Men, frè m ak sè m yo, m ap deklare nou, pa gen  
*anyen* ki ka pote lajwa nan lavi nou oswa plis lapè nan  
nanm nou pase Lespri a ke nou ka genyen lè n ap suiv  
Sovè a ak respekte kòmandman l yo”<sup>6</sup>

## Mache dwat

“Mwen temwaye nou ke benediksyon yo pwomèt nou yo san mezi. Menmsi nyaj tanpèt rasanble, menmsi lapli kapav vide sou nou, konesans nou sou levanjil la ak amou nou pou Pè Selès la ak pou Sovè nou an ap rekonfòte nou ak soutni nou epi pote lajwa nan kè nou si nou mache dwat epi nou respekte kòmandman yo. Pap gen anyen nan mond sa a k ap kapab gen laviktwa sou nou.”<sup>7</sup>

## Suiv Sovè a

“Kiyès nonm lapenn sa a, . . . ki te nan soufrans sa a te ye? Ki Wa Laglwa a, Senyè Tout Lame sa a? Li se Mèt nou an. Li se Sovè nou an. Li se Pitit Gason Bondye a. Li se Otè Sali nou. Li di nou, ‘Suiv mwen.’ Li egzòte nou, ‘Ale, epi fè menm bagay la tou.’ Li di nou souple, ‘Respekte kòmandman m yo.’

“An nou suiv li. An nou imite egzanp li. An nou obeyi pawòl li. Lè nou fè sa, nou ba li don divin gratitud la.”<sup>8</sup>

## NÒT

1. “They Marked the Path to Follow,” *Liahona*, Okt. 2007, 5.
2. “Keep the Commandments,” *Liahona*, Nov. 2015, 83.
3. “Keep the Commandments,” 83.
4. “Obedience Brings Blessings,” *Liahona*, Me 2013, 90, 92.
5. “Believe, Obey, and Endure,” *Liahona*, Me 2012, 129.
6. “Stand in Holy Places,” *Liahona*, Nov. 2011, 83.
7. “Be of Good Cheer,” *Liahona*, Me 2009, 92.
8. “Finding Joy in the Journey,” *Liahona*, Nov. 2008, 88.

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Prezidan Monson anseye nou konsènan anpil benediksyon nou ka resevwa lè nou obeyisan, ansanm avèk fòs, konesans, lajwa, ak lapè. Panse pou mande moun w ap anseye yo kijan yo jwenn benediksyon paske obeyi kòmandman yo. Ou gen dwa ankouraje yo pou yo kontinye reflechi sou benediksyon yo epi pou yo ekri panse yo ak eksperyans yo nan yon jounal. Ou gen dwa ankouraje yo pou yo montre rekonesans yo pou Bondye poutèt benediksyon yo resevwa yo nan kontinye rete obeyisan.

## JÈN YO

### Dife ak lesan obeyisans

**P**rezidan Thomas S. Monson te di yon lè nan apeprè ki epòk li te aprann enpòtans obeyisans. Lè l te gen yuitan, fanmi l te al nan yon kabin yo te genyen nan montay yo. Li menm ak yon zanmi l te anvè netwaye yon kote plen zèb pou yo te ka fè yon boukan dife. Yo te eseye retire zèb la avèk men yo, yo te tire ak rale avèk otan fòs yo te kapab, men yo te sèlman pran yon ti ponyen zèb. Prezidan Monson eksplike, “Epi lè sa a, sa m te panse ki sete solisyon pafè a te vini nan lespri uitan m nan. M te di Danny: ‘Tout sa nou bezwen fè se brile zèb sa yo. N ap jis *boule* yon sèk nan zèb la!’”

Malgre l te konnen li pat gen dwa itilize alimèt, li te kouri retounen al nan kabin nan pou l chèche alimèt, epi limenm ak Danny te limen yon ti dife nan pati ki te gen zèb la. Yo te panse ke l t ap etenn poukont li, men olyesa li te grandi vin tounen yon gwo dife danjere. Limenm ak Danny te kouri al chèche èd, epi byen vit plizyè granmoun te prese al etenn dife a anvan l te gaye nan pyebwa yo.

Prezidan Monson kontinye, “Danny avèk mwen te aprann plizyè lesan difisil men enpòtan jou sa a—yon gran pati ladan yo sete enpòtans obeyisans. (Gade “Obedience Brings Blessings,” *Liahona*, Me 2013, 89–90.)

Menmjan ak Prezidan Monson, èske ou pa janm oblije aprann obeyisans nan fason difisil la? Ki objektif ou ka fikse pou pwoteje tèt ou atravè obeyisans nan lavni?

## TIMOUN YO

### Chwazi bon bagay

**L**è nou chwazi bon bagay sa pwoche nou pipre Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri. Sa ede nou gen lajwa ak sekirite. Ansèkle fason ou ka chwazi bon bagay yo.

Pran poul nan lekòl

Li ekriti yo

Ale legliz

Jwe bon jwèt

Goumen avèk frè ak sè ou

Sèvi lòt moun



# Se Bondye ki òdone fanmi

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kijan konpreyansyon sou “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan” ka ogmante lafwa nou nan Bondye epi beni moun n ap veve sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

Lafwa, Fanmi, Sekou

Carole M. Stephens, Premyè Konseyè nan Prezidans Jeneral Sosyete Sekou a te di, “Nan pawòl [chan Primè a], ‘The Family Is of God,’ . . . (Fanmi sot nan Bondye a), yo raple nou doktrin ki pi a.” “Nou aprann non sèlman ke se Bondye ki òdone fanmi men, nou chak fè pati fanmi Bondye a tou. . . .

“ . . . Plan Papa a pou pitit li yo se yon plan lanmou. Se yon plan pou ini pitit li yo—fanmi li—avèk li.”<sup>1</sup>

Èldè L. Tom Perry (1922–2015) nan Kolèj Douz Apot yo te di, “Epitou nou kwè ke fanmi tradisyonèl solid yo se non sèlman inite debaz yon sosyete solid, ak yon ekonomi solid, ak yon kilti solid ki baze sou valè moral—men, yo se inite debaz letènite ak wayòm ak gouvènman Bondye a tou.

“Nou kwè ke òganizasyon ak gouvènman syèl la pral bati otou fanmi yo, fanmi pwòch ak fanmi elaji yo.”<sup>2</sup>

Bonnie L. Oscarson, Prezidant Jeneral Jènfi yo te di, “Kèlkeswa

sikonstans marital yo oubyen kantite timoun yo genyen, tout moun kapab defann plan Senyè a ki dekri nan pwoklamasyon sou fanmi an.” “Si sa se plan Senyè a l ye, li ta dwe plan pa nou tou!”<sup>3</sup>

## Ekriti adisyonèl

Doktrin ak Alyans 2:1–3; 132:19

## Doktrin Fanmi an

Sè Julie B. Beck, ansyèn Prezidant Jeneral Sosyete Sekou, te anseye ke, teyoloji fanmi an baze sou Kreyasyon an, ak Chit la, ak Sakrifis Ekspyatwa Jezikri a:

“Kreyasyon tè a bay yon kote pou fanmi yo ka viv. Bondye te kreye yon gason ak yon fi ki sete de mwatye esansyèl yon fanmi. Se te yon pati nan plan Papa nou ki nan Syèl la pou Adan ak Ev te sele ansanm pou yo te fòme yon fanmi etènèl.

“ . . . Chit la te rann posib pou Adan ak Ev te fè pitit gason ak fi.

“Sakrifis [Kris la] pèmèt pou fanmi yo sele ansanm pou letènite.

Sa pèmèt fanmi yo gen kwasans ak pèfeksyon etènèl. Plan bonè a, ki rele plan sali a tou, se yon plan ki te kreye pou fanmi. . . .

“ . . . Sa sete doktrin Kris la. . . . San fanmi, pa gen plan; pa gen okenn rezon pou lavi nan mòtalite a.”<sup>4</sup>

## NÒT

1. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, 11 Me 2015.
2. L. Tom Perry, “Why Marriage and Family Matter—Everywhere in the World,” *Liahona*, Me 2015, 41.
3. Bonnie L. Oscarson, “Defenders of the Family Proclamation,” *Liahona*, Me 2015, 15.
4. Julie B. Beck, “Teaching the Doctrine of the Family,” *Liahona*, Mas. 2011, 32, 34.

## Konsidere bagay sa a

Poukisa fanmi an se inite ki pi enpòtan nan letan ak nan letènite?